

TARIRO YANHASI

CHITSAUKO 39

KUPANDUKIRA MWARI KWEVANHU

Pane chinhu chinonakidza kuita. Chinhu ichi ndechekuti kana iwe uri pakakwirira wotarisa zvinhu zviri pasi. Unogona kutarisa uri mugomo kana kutarisa uri panharire yomurindi kana kutarisa uri mundege. Maonero aya anokuita kuti ushamiswe nehukuru hwaMwari nekunyatsoonawo hudiki hwako. Pamasvingo aipoteredza maguta makare kare paivakwa yainzi nharire yomurindi. Vatongi kazhinji kacho vaiisa mizinda yavo panzvimbo dzakakwirira. Nharire idzi dzakakosha mazuva ano kuitira nyaya dzekukushwa kwemashoko nekutonga matunhu.

Tanga tichiongorora nhoroondo yekutanga yevanhu inopihwa muBhaibheri. Mhuri yevanhu yakaenda kumabvazuva kwemakomo eArarati ndokunogara mumapani nemumhenderekedzo. Mwari vakange varaira Noa nevanakomana vake kuti vaberekane vawande uye kuti vazadze nyika. Panofanira kunge pakapfuura makore anodarika zana apo Mwari vakatarisana zvakare nedambudziko rehuipi hwendangariro dzemoyo yevanhu. Magwaro matsvene anoumba hwaro hwechidzidzo chanhasi chiri pamusoro peKUPANDUKIRA MWARI KWEVANHU. Chidzidzo ichi chinowanikwa muna Genesi 11:1-4.;

¹*Zvino nyika yose yakange ino rurimi rumwe chete nokutaura kwakafanana.*

²*Vanhu vakati vachitamira kumabvazuva vakawana bani romuShinari*

vakagaramo. ³Vakataurirana vakati, “Uyai ngatiitei zvidhina tigozvipisa kwazvo.” Vakashandisa zvidhina pachinzvimbo chamabwe, uye bhitumini ikava Dhaka ravo. ⁴Ipapo vakati, “Uyai ngatizvivakire guta neshongwe inosvika kudenga denga, kuti tizviitire mukurumbira uye kuti tirege kuparara panyika yose.”

Ndimba idzi dzinotitaurira pamusoro pekupandukira Mwari kwakaita vanhu. Munhu akawedzera kuzviona semunhu anokosha. Zvese izvi vakazvifunga kunyange vakange vaona mafashamu anoparadza emvura. Tinogona kunge tichiri kurangarira kuti kumashure uko, mafashamu emvura asati aitika. Ishe vakange vaongorora ndangariro yemoyo yevanhu vakati, “Yakange yakaipa nguva dzese.” Pano tinopihwa PFUNGWA dzakawanda dziri pamusoro pedambudziko iri rekupanduka kwavo kuti isu tigozvitora seyambiro.

Mamiriro EZVINHU MUNYIKA anotionesa pfungwa dzekupanduka kwevanhu. Kusvika panguva vanhu vese vakange vakabatana. Vanhu vaitaura mutauro mumwe chete. Dai ari mazuva ano taiti iri raive rombo rakanaka nekuti zvaibatsira panyaya dzekutaurirana. Dai zvainzi taigona kunzwa zvinotaurwa nemamwe marudzi ekune dzimwe nyika. tingadai ndisina matambudziko ekusanzwisana atiinawo iye zvino. Mashoko ane pfungwa dziri maari. Mashoko anoburitsawo zviri mukati makadzika dzika mehupenyu. Bhaibheri rinoti mutauro unobva pane zvinenge zviri mumoyo. Zvatiri mukati medu ndizvo zvinotaura. Pano paive nenyika yakabatana yaive nemutauro nematauriro akafanana.

Zvekare vaive nepfungwa imwe chete yezvavaida kuita. Vakati, “Uyai ngatizvivakire guta neshongwe inosvika kudenga denga.” Kubatana ipfungwa yakanaka zvikuru. Tinoshamiswa mazuva ano kuti nemhaka yei vanhu vasinganzwanani. Kana tikadzidza kuita mushandira pamwe tichagona kuita zvinhu zvikuru zvakawanda. Pane kurwisana tinofanira kushanda pamwe chete. Iyi ndiyo pfungwa inofanira kushanda munyika ine vanhu vakabatana.

Iyi yaive nyika yaigadzirwa zvinhu. Vakange vasingagutsikani nekungogamuchira zvinhu sezvazviri vozvisiya zvakadaro. Asi vakati “Uyai ngatizvivakirei guta.” Vaive nepfungwa dzakanaka dzekuti voenderera mberi sei. Zvaifanira kuitwa vachitevera hurongwa hwakanyatsonaka. Tinogona kutoti vakange vasvika pakugona kushandisa nekugadzira mishina. Hatitozivi hedu kuti hunyanzvi hwekugadzira zvidhina hwakange hwatanga rini. Asi vakange vaine pfungwa yekugadzira zvidhina. Yakange iri nyika yaigadzira zvinhu.

Vakaenderera mberi vachiti, “Tigozvipisa kwazvo.” Izvi zvinoreva kuti vakange vave kutoziva kuti hovhoni yezvidhina yakange yakaita sei. Vakange vasiri kuzoshandisa zvidhina zvakangowomeswa nezuva asi vaizoshandisa zvidhina zvakapisirwa muhovhoni. Ndinovaona sevanhu vakange vabudirira mukushanda nemukugadzirwa kwezvinhu. Asi ini ndinovaonawo sevanhu vairarama zvisina huMwari. Ndiwo akange ari mamiriro ezvinhu echitatu anotaurwa nezvawo munaGenesi. Yakange iri nyika isina huMwari nekuti vaingotarisa zvinhu nemaziso enyama. Zvinhu zvavo zvese zvavaiita zvaingove nechinangwa chimwe chete chine chekuita nekubudirira kwavo.

Pakange pasina kufunga nezvaMwari zvachose. Chinhu chinowwisisa kuti chiitiko ichi chakaitika tichangobva mune zvakaitika mumazuva aNoa zvemafashamo emvura. Kutenda kwaNoa kwaitotaridzika kuti kwakange kwapera zvachose. Chiitiko ichi chakaitika mushure mezana remakore kubva pamazuva aNoa. Muraravungu wakange uchiri kuoneka mudenga kuti uvarangaridze zvaMwari.

Zvinoda kugonekwa nevanhu zvinoratidza kupanduka kwevanhu. Vakati, Uyai, ngatizvivakire guta neshongwe inosvika kudenga neshongwe inosvika kudenga denga.” Izvi zvaive zvinangwa zvakakurisisa. Aiwa, ichi chaive chinangwa chakakurisisa chekuti vaida kusvika kudenga denga. Vaida kuvaka guta neshongwe. Chavaida ndechekuti vawane nzvimbo yekuitira zvinhu vachiona zvese zvaitika kumusoro kudenga. Vaida kusvika nekuziva kusina kusvikwa uye kusingazivikanzwi. Tinogona kuzvibvunza mubvunzo wekuti ko munhu akange aine kodzero ipi yekusvika kudenga? Tinogona kubvunza mubvunzo mumwe chete pamusoro pekuda kuziva kwedu zviri kune nyika yedu yepasi rino rese. Ko ndizvo here zvakanirwa munhu kuti aite? Asi ini ndinoda kungokusiyira mubvunzo uyu. Vaive nechinangwa chekuvaka shongwe yavo inosvika kudenga kumusoro.

Vakataurawo kuti “tizviitire mukurumbira.” Ini ndinoti aya aive maonero epasi pasi asi vakange vabatwa nepfungwa nekuti vaida kubudirira kwavo. Aive matorero ezvinhu akazara nechindini. Pfungwa dzavo dzekuzviita dzakange dzakasimba. Vaida kuzvichengetedza nekuti vakati, “Uye kuti tirege kupararira panyika yese.” Zvino ini ndinoziva kuti mutemo wekutanga

wekugara kwevanhu mutemo wekuchengetedza. Aya aive maonero akazara nechindini. Asi nekune rumwe rutivi aive maonero aivabatanidza sevanhu. Vaida kuva nyika imwechete nerurimi rumwe chete vakati, “kuti tirege kupararira panyika yese. “Uku kwaive kuda kuita zvinhu zvikuru handiti? Kuvaka guta neshongwe zvaisvika kumusoro kudenga. Uye kuti vaida kuzviitira zita guru kuti vasapararire nenyika yese. Asika Mwari akange ati kwavari vaifanira kubereka vachiwanda vachizadza nyika yese. Pane zviri kuitika munyika medu zvisingafadzi zvakada kufanana nezvaiitika panguva iyi. Tiri kuisa simba rakakura kuti tibatanidze nyika. Tinoda kuti nyika idyidzane. Simba iri hama yangu tiri kuriisa zvisina Mwari mukati. Inzira imwe chete yekuda kuramba zvaidiwa naMwari. Kuita nyika imwe chete kuti multe mukurumbira. Nyika imwe chete yekuti muzvichengetedze. Asi zvese izvi zvichitwa kunze kwekuda kwaMwari. Tinofanirwa kuyambirwa kuti tisatore maonero ezvinhu anongori epanyama asina Mwari ari munyika yanhasi. Hazvina kwazvinotisvitsa. Munhu haagoni kubudirira pasina Mwari. Zvinokosha kuti tisasikirwe nehukama hwedu nemusiki anogara nekusingaperi. Ndiye ari pamusoro pezvinhu zvese.